

Fòmilè pou deziyen yon konseye sètifye pou fè aplikasyon

Kisa yon konseye sètifye pou fè aplikasyon (*Certified Application Counselor, CAC*) fè

Ou gendwa chwazi yon CAC pou l ede w fè aplikasyon, enskri, oubyen renouvle benefis medikal ou yo nan sèten pwogram ki ede nan peman frè asirans medikal. Gen nan plan sa yo : MassHealth, Children's Medical Security Plan (CMSP), plan ConnectorCare, oubyen lòt plan medikal e dan kalifikatif nan Health Connector. Ou ka fè sa depi w ranpli fòmilè sila (**Fòmilè pou deziyen CAC**). Yon CAC gendwa :

- ba w enfòmasyon sou opsyon nan kouvèti medikal e pwogram ki founi èd finansyè ;
- ede w ranpli e soumèt aplikasyon w lan, fòmilè pou revwa admisiblite w, oubyen lòt fòmilè ki konsène admisiblite ;
- travay avèk ou pou bay prèv pou enfòmasyon MassHealth oubyen Massachusetts Health Connector mande ;
- ede w reponn demann MassHealth oubyen Massachusetts Health Connector fè sou aplikasyon w lan oubyen lòt fòmilè ; e
- ede w fè rapò sou chanjman nan enpo w, adrès ou, oubyen lòt sikonstans.

Yon CAC dwe ba w yon kopi, oubyen li ba ou, tèm tout aplikasyon, admisiblite, enskripsyon, oubyen renouvèlman ki konsène fòmilè ki dwe soumèt pou ou. Yon CAC pa gendwa aji endepandan de oumenm e l pa ka pran desizyon pou ou. CAC yo pa konseye sou taks e an jeneral li pa ka founi ni konsèy jidisyè ni konsèy sou taks.

CAC ou a pral itilize enfòmasyon ou founi inikman pou l ede w fè aplikasyon, enskri, oubyen renouvle benefis medikal. Yon CAC responsab pou l kenbe tout enfòmasyon li resevwa sou ou konfidansyèl konfòmman ak lwa eta a e lwa federal ki aplikab. CAC gen obligasyon tou pou l aji nan enterè w lè y ap ede w ranpli aplikasyon an oubyen lè l ap fè youn nan lòt fonksyon ki te site anvan. Si yon CAC oubyen òganism kote CAC a travay gen yon konfli denterè (pa egzanp : li travay pou yon plan asirans medikal), se pou l pale avè w sou konfli denterè a anvan l kòmanse ede w. Yon CAC pa dwe eseye ba w move enfliyans sou chwa w nan plan asirans yo.

Kisa pwogram CAC a ye?

Pwogram CAC a se yon kalite èd pou moun e fanmi jwenn èd pou yo fè aplikasyon, enskri, oubyen renouvle benefis medikal pa yo nan sèten pwogram ki ede avèk frè asirans medikal. Egzanp nan pwogram sa yo gen ladan MassHealth, Children's Medical Security Plan, plan ConnectorCare, oubyen lòt plan medikal e dan kalifikatif nan Health Connector. Pwogram CAC a obligatwa, dapre lwa federal *Patient Protection and Affordable Care Act* pou chak Health Insurance Marketplace. Nan eta Massachusetts, pwogram CAC a se yon pwogram mix, jere pa toude Massachusetts Health Connector e MassHealth. Pwogram CAC a gratis nèt ale e l pa obligatwa. Ou pa gen anyen pou w peye pou èd ou resevwa nan men yon CAC. Li pa nesesè pou w gen yon CAC pou w fè aplikasyon pou benefis oubyen pou w resevwa benefis.

Pou deziyen yon CAC

Pou deziyen yon CAC, ranpli fòmilè sila pou deziye yon CAC (se pou w ranpli e siyen Seksyon A e CAC a dwe ranpli e siyen SeksyonB e fè youn oubyen lòt :

- **voje fòmilè ki siyen an pa lapòs bay :**

Health Insurance Processing Center
P.O. Box 4405
Taunton, MA 02780; oubyen

- **fakse fòmilè ki siyen an bay :**

857-323-8300.

Kijan yon CAC ki deziyen kanpe

Si w pa vle moun ki nonmen sou fòmilè pou deziyen CAC sa a aji kòm CAC ou a, oubyen si w vle chwazi yon lòt moun pou l CAC ou a, se pou w avèti n depi nan :

- **voje avi ki siyen an pa lapòs bay :**

Health Insurance Processing Center
P.O. Box 4405
Taunton, MA 02780; oubyen

- **fakse avi ou siyen an bay :**

857-323-8300.

Se pou avi sa a siyen e se pou l gen non w, adrès ou, dat ou fèt la, non CAC ou a, e yon deklarasyon ki di deziyasyon sa a pa valab ankò. Yon moun ki te deziye anvan kòm yon CAC gendwa kanpe deziyasyon an tou depi l kominike avè n nan youn nan mezi ki site anvan an.

Deziyen konseye sètifye pou fè aplikasyon

Seksyon A - deziyasyon

(se pou moun k ap fè aplikasyon an oubyen manm lan ranpli l - ekri avèk lèt detache tanpri epi siyen)

Moun k ap fè aplikasyon oubyen manm lan :

Penon _____ Paraf _____ Non fanmi _____

Dat nesans : _____

MassHealth Member ID oubyen Health Connector Subscribe ID (si l aplikab*) : _____

**Konnen tanpri : Si w pa gen yon nimewo MassHealth Member ID oubyen yon Health Connector Subscribe ID, mete tanpri nimewo sekirite sosyal ou a, si w gen youn. Si w pa gen nimewo sekirite sosyal, founi tanpri youn nan sa ki annapre la yo, si w gen youn :*

Ref ID (Eligibility ID # ki nan aplikasyon anliy manm lan) : _____

Imèl (si w deja fè aplikasyon an anliy, nan telefòn, oubyen fasafas e w te founi yon imèl) : _____

M sètifye m chwazi moun ki annapre a pou l konseye sètifye pou fè aplikasyon (CAC) mwen an, m konprann devwa e responsablite moun sa a ap gen (jan li eksplike anwo sou fòmilè sila), e lè w siyen non m sou **Fòmilè pou m chwazi konseye sètifye pou fè aplikasyon** sila ap otorize moun sa a pran pou mwen youn nan mezi ki dekri nan premye paragraf fòmilè a.

Konsa m otorize moun ki nonmen annapre a pou l resevwa enfòmasyon konfidansyèl sou mwen nan kad avèk aplikasyon mwen an, enskripsyon m, oubyen renouvèlman benefis mwen yo.

M sètifye tou, an vèti penn e penalite pou fo sèman, enfòmasyon m founi bay moun ki site anwo a sou sa ki konsène aplikasyon, admisibilite, e pwosesis enskripsyon, vre e konplèt dapre konesans mwen yo. M konprann enfòmasyon sou mwen ki founi bay moun sa a ap sèvi pou fè aplikasyon, enskri, oubyen renouvle benefis medikal mwen yo. M konprann tou enfòmasyon sa yo gendwa pataje e/oubyen itilize pa lòt òganism, sa gen ladan Health Connector e MassHealth, pou yo deside si m kalifye pou benefis medikal. Destinatè enfòmasyon sa yo, sa gen ladan moun ki nonmen pi devan an, Health Connector, e MassHealth, ap mentni konfidansyalite enfòmasyon sa yo konfòmeman ak lwa ki aplikab la. M konprann CAC pa ka bay konsèy sou taks e an jeneral pa ka founi ni konsèy jidisyè ni konsèy sou taks.

Deziyasyon sila ap fini lè w kanpe l (jan li eksplike anwo sou fòmilè sila). Lè m sispann deziyasyon sa a, MassHealth e Health Connector pa ka reprann yon enfòmasyon ki te pataje avèk moun ki site annapre a sou aplikasyon, enskripsyon, oubyen renouvèlman benefis medikal anvan dat li sispann lan.

Non moun CAC a : _____

Nimewo sètifika CAC a : _____ Nimewo telefòn CAC a : _____

Imèl CAC a : _____

Nimwo ID òganism CAC a : _____

Non òganism CAC a : _____

Adrès CAC a : _____

Vil : _____ Eta : _____ ZIP : _____

Siyati aplikan an oubyen manm lan : _____

Dat la : _____

Seksyon B - akseptasyon

(Se pou konseye sètifye pou fè aplikasyon an ranpli I - ekri avèk lè detache tanpri epi siyen)

M sètifye m ap toujou :

- byen transkri enfòmasyon aplikan oubyen moun ki nonmen anwo a founi nan pwosesis aplikasyon an, admisiblite a, enskripsyon an, e renouvèlman an, e
- satisfè responsablite ki nan kad otorizasyon mwen an (tèlke li dekri nan premye paragraf fòmilè sa a) amwenske deziyasyon mwen an antanke konseye sètifye pou fè aplikasyon te revoke anvan sa.

M pa pral soumèt okenn aplikasyon, fòmilè oubyen prèv sou enfòmasyon onon yon aplikan oubyen moun konsa, oubyen fè rapò sou chanjman nan sitiyasyon moun k ap fè aplikasyon an oubyen manm lan, amwenske moun k ap fè aplikasyon an oubyen manm lan ban m otorizasyon pou sa.

M konprann devwa e responsablite mwen yo antanke konseye sètifye pou fè aplikasyon pou moun sa a, gen ladan men se pa inikman, devwale tout konfli denterè, aji nan miyè enterè moun k ap fè aplikasyon an oubyen manm lan e mentni konfidansyalite enfòmasyon m resevwa sou moun k ap fè aplikasyon an oubyen manm lan (jan li eksplike anwo a sou fòmilè sa a).

Non konseye sètifye pou fè aplikasyon : _____

Siyati konseye sètifye pou fè aplikasyon : _____

Dat la : _____